

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Subjék Panalungtikan

Lokasi panalungtikan nu digunakeun ku panalungtik nyaéta di SMP Negeri 45 Bandung, Jl. Yogyakarta No.1 Kec. Antapani Kidul. Sedengkeun subjék panalungtikan minangka sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kelas VIII-E taun ajaran 2013/2014, nu jumlah siswana 36 siswa ngawengku 18 siswa lalaki, jeung 18 siswa awéwé.

Dina nangtukeun sumber data teu sagawayah, nyaéta ngagunakeun téhnik *Sample Random Sampling*. Téhnik *Sample Random Sampling* nyaéta téhnik ku cara nangtukeun anggota sampel tina populasi nu dilakukeun sacara acak, teu merhatikeun strata nu aya di jero populasi (Sugiono, 2013, kc. 120).

3.2 Disain Panalungtikan

Disain panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta disain *one-group pretest-posttest*. Dina ieu disain dilakukeun dua kali panalungtikan nyaéta saacan ékspérimén jeung sabada ékspérimén, (O_1) disebut niléi *pretest* atawa saacan dibéré *treatment*, jeung (O_2) disebut niléi *posttest* atawa sabada dibéré *treatment*. Ari simbol X digunakeun sabagé simbol *treatment* tina rancangan. Pangaruh *treatment* kana préstasi hasil siswa nya éta ($O_2 - O_1$) (Sugiyono, 2013, kc. 111). Sangkan leuwih jéntré bisa dititétan ieu di handap.

$O_1 \text{ X } O_2$

Keterangan:

O_1 = *Pretest*
 X = *Treatment*
 O_2 = *Posttest*

WULANDARI SAPUTRI, 2014

Téhnik Pangajaran Think-Talk-Write (Ttw) Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda Dina Nulis Laporan Lalampahan

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode asal kecap tina *methodos* (Yunani) nu hartina jalan atawa cara. Méthode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 203). Dina ieu panalungtikan digunakeun méthode kuasi ékspérimén.

Méthode kuasi ékspérimén dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun meunangkeun data kamampuh siswa kelas VIII-E SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2013/2014 ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina nulis laporan lalampahan saméméh jeung sabada ngagunakeun téhnik pangajaran TTW.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan ieu panalungtikan téh leuwih jéntré sarta henteu nimbulkeun sawangan nu béda-béda kana judul panalungtikan, ku kituna perlu dirumuskeun ngeunaan wangun-wangun operasional atawa istilah-istilah nu dipaké. Istilah nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta 1) téhnik pangajaran TTW, 2) tatakrama basa Sunda jeung 3) nulis laporan lalampahan. Sangkan leuwih jéntré, dipedar ieu di handap.

3.4.1 Téhnik Pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW)

Téhnik pangajaran TTW nyaéta salasihiji téhnik pangajaran nu digunakeun ku guru dina nepikeun pangajaran di kelas.

Tujuan inti tina téhnik pangajaran TTW ieu miboga tilu unsur kagiatan penting nyaéta dimimitian ku cara *think* (mikir) nganalilis masalah, tuluy kana *talk* (nyarita) jeung kelompok silih tukeur pamadegan, nu pamungkas *write* (nulis) nuliskeun naon-naon waé nu kapanggih ti mimiti nepi ka ahir dina kagiatan diajar.

3.4.2 Tatakrama Basa Sunda

Tatakrama basa Sunda nyaéta tatakrama makéna basa Sunda dina hirup kumbuhna di lingkungan masarakat. Jaman baheula, tatakrama basa téh digunakeun pikeun ngabédakeun status sosial, antara golongan ménak jeung golongan cacah. Jaman kiwari, geus robah gunana pikeun silih hormat, silih ajénan papada manusa. Ku kituna, ngagunakeun tatakrama basa diluyukeun jeung kaayaan anu nyarita, nu diajak nyarita, jeung anu dicaritakeunana. Umumna tatakrama basa Sunda téh aya opat, nyaéta basa lemes keur ka batur, basa lemes keur ka sorangan, basa kasar jeung basa loma.

3.4.3 Nulis Laporan Lalampahan

Nulis laporan lalampahan nyaéta nulis laporan nu tujuanana pikeun ngalaporkeun atawa méré *informasi* ngeunaan naon-naon nu geus dialaman. Dina ieu panalungtikan nu dimaksud nulis laporan lalampahan téh nyaéta tulisan laporan lalampahan siswa kelas VIII-E SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2013/2014.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta pakakas atawa *fasilitas* nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih babari sarta hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, leuwih lengkep, jeung sistematis nepi ka leuwih babari dikokolakeun. Dina ieu panalungtikan instrumén téh gunana pikeun ngukur kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina maké basa lemes, basa loma jeung basa kasar. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta padoman tés.

Lian ti pedoman tés, dina ieu panalungtikan aya kisi-kisi tés nu digunakeun. Tujuanana pikeun méré watesan ngeunaan pedoman tés anu bakal dibérékeun ka siswa. Kisi-kisi tés anu dipaké panalungtik nya éta saperti ieu di handap:

Tabél 3.1
Kisi-kisi Tés

No	Variabel Panalungtikan	Indikator
1	Kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda	<ul style="list-style-type: none"> - Pangaweruh ngagunakeun basa loma - Pangaweruh ngagunakeun basa lemes keur ka sorangan - Pangaweruh ngagunakeun basa lemes keur ka batur

Tés soal nu dijadikeun tés panalungtikan dina meunangkeun data panalungtikan nu digunakeun ku panalungtik saperti ieu di handap:

Pancén Tés Nulis Laporan Lalampahan (Perjalanan) !

Pék ku hidep tulis laporan ngeunaan lalampahan (perjalanan) hidep ka:

- a) *Study Tour* ka Yogyakarta tanggal 8, 9, 10 Désémber 2013 jeung rombongan SMP Negeri 45 Bandung; atawa
- b) Lalampahan pribadi hidep nu séjén, rék jeung babaturan atawa kulawarga.

Nulis laporan lalampahan kurang leuwih tilu pada (paragraf), kalayan merhatikeun tatakrama basa Sunda!

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa salasihiji tarékah nu digunakeun dina panalungtikan, ngagunakeun métode nu tangtu sangkan tujuan sasaran nu dipikahayang dina hiji panalungtikan bisa kahontal (Suyatna, 2002, kc. 18). Dina téhnik panalungtikan ngawengku dua téhnik nyaéta téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

WULANDARI SAPUTRI, 2014

Téhnik Pangajaran Think-Talk-Write (Ttw) Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda Dina Nulis Laporan Lalampahan

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés nyaéta mangrupa salasahiji téhnik pikeun ngukur kamampuh hiji sampel tina hiji paripolah individu nu diténs (Kuswari, 2010, kc. 163).

Téhnik tés dina ieu panalungtikan gunana pikeun ngumpulkeun data hasil nulis laporan lalampahan ngagunakeun tatakrama basa Sunda saméméh jeung sabada dibéré *treatment*. Jadi, tés nu dibikeun ka siswa téh aya dua kali tés.

Tés anu kahiji mangrupa tés *pretest*, nyaéta digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh awal ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina nulis laporan lalampahan siswa SMP Negeri 45 Bandung kelas VIII-E taun ajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun TTW. Tés nu kadua mangrupa tés *posttest*, nyaéta digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa SMP Negeri 45 Bandung kelas VIII-E taun ajaran 2013/2014 sabada ngagunakeun téhnik TTW.

Jumlah soal dina ieu panalungtikan aya hiji, nu dijeron aya dua pilihan antara a jeung b pikeun siswa milih salasahiji téma dina nulis laporan lalampahan ngagunakeun tatakrama basa Sunda.

Wangun soal nu digunakeun dina ieu panalungtikan ogé nyaéta wangun soal unjuk kerja atawa éséy.

Sabada dijéntrékeun di luhur, yén téhnik dina ngumpulkeun data téh ngaliwatan téhnik tés, anapon kitu aya léngkah-léngkahna nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Tés awal (*pretest*) anu ngawengku:
 - a) panalungtik nerangkeun tujuan tés jeung tujuan panalungtikan;
 - b) panalungtik ngabagikeun soal tés awal anu geus aya lembar jawabanna;
 - c) siswa nulis laporan lalampahan ngagunakeun tatakrama basa Sunda nu témanna geus aya dina pilihan soal *pretest*; jeung

- d) satulyna siswa ngumpulkeun hasil tés awal (*pretest*) nulis laporan lalampahan ngagunakeun tatakrama basa Sunda.
- 2) Méré perlakuan (*treatment*) pikeun méré pangaruh sangkan ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina nulis laporan lalampahan bisa ngaronjat ku ngagunakeun ogé téhnik pangajaran TTW.
- 3) Tés ahir (*posttest*) nu ngawengku:
 - a) panalungtik méré matéri ngeunaan tatakrama basa Sunda jeung léngkah-léngkah nulis laporan lalampahan;
 - b) panalungtik méré *treatment* ngagunakeun téhnik pangajaran TTW;
 - c) panalungtik nerangkeun tujuan tés ahir *posttest*;
 - d) panalungtik ngabagikeun soal tés ahir (*pretest*), soalna sarua jeung soal awal (*posttest*) nu geus aya lembar jawabanna;
 - e) siswa nulis laporan lalampahan ngagunakeun tatakrama basa Sunda nu merenah; jeung
 - f) satulyna siswa ngumpulkeun hasil tés ahir nulis laporan lalampahan ngagunakeun tatakrama basa Sunda nu merenah.

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data hasil panalungtikan bisa dikumpulkeun, saterusna dilakukeun kagiatan ngolah data. Data nu diolah jeung dianalisis téh ngawengku data hasil kamampuh awal *pretest* jeung data kamampuh ahir *posttest*. Kamampuh awal siswa kudu ditéangan, pikeun nangtukeun pangaruh ngagunakeun téhnik TTW dina pangajaran tatakrama basa Sunda dina nulis laporan lalampahan. Saumpamana kamampuh awal geus dipikanyaho, tangtuna waé bakal gampang dina nangtukeun gedé leutikna pangaruh téhnik pangajaran nu digunakeun. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan ngawengku léngkah-léngkah ngolah data, jeung ngolah data sacara statistik. Sangkan leuwih jéntré dipedar ieu di handap.

3.6.2.1 Léngkah-léngkah Ngolah Data

Dina ieu sub bab dipedar léngkah-léngkah dina ngolah data. Téhnik dina ngolah data nya éta ngawengku léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

- 1) mariksa hasil nulis laporan lalampahan ngagunakeun tatakrama basa Sunda siswa tina tés awal *pretest* jeung tés ahir *posttest*;
- 2) milah-milah basa dina ngagunakeun tatakrama basa Sunda nu bener tina hasil tulisan siswa;
- 3) meunteun hasil nulis laporan lalampahan siswa dina ngagunakeun tatakrama basa Sunda tés awal *pretest* jeung tés ahir *posttest*;
- 4) nangtukeun kritéria nu pangalusna kana hasil nulis laporan ngagunakeun tatakrama basa Sunda;
- 5) uji sipat data;
- 6) uji gain; jeung
- 7) uji hipotésis.

Sanggeus léngkah dina téhnik ngolah data nu kahiji jeung kadua dilaksanakeun, satuluyna léngkah nu katilu nyaéta méré peunteun. Sangkan leuwih écés bakal dipedar ieu di handap.

Pikeun mikanyaho frékuénsi peunteun pangajaran tatakrama basa Sunda, panalungtik ngadéskripsikeunana kalawan ngagunakeun kritéria:

Tabél 3.2
Kritéria Peunteun

No	Aspék	Skor Idéal
1	Ngagunakeun basa loma	10
2	Ngagunakeun basa lemes keur ka sorangan	10
3	Ngagunakeun basa lemes keur ka batur	10
Jumlah		30

Keterangan skala skor:

0 – 3 = Teu merenah pisan

4 – 6 = Kurang merenah, masih loba nu salah dina ngalarapkeunana

7 – 8 = Merenah, tapi masih aya saeutik nu salah dina ngalarapkeunna

9 – 10 = Merenah pisan

Skor nu kahontal ku siswa dirobah jadi skor atah bersih kalawan ngagunakeun rumus:

$$\text{Skor atah bersih} = \frac{\text{skor kahontal}}{\text{skor maksimal}} \times 100$$

Tabél 3.3

Nangtukeun Patokan Peunteun Siswa

Patokan Peunteun	Keterangan
86 – 100	Mampuh Pisan
71 – 85	Mampuh
56 – 70	Cukup mampuh
41 – 55	Kurang mampuh
< 40	Kurang Pisan

3.6.2.2 Uji Sipat Data

Uji sipat data gunana pikeun nguji sipat data. Dina uji sipat data aya léngkah-léngkahna, mimiti dilakukeun ku cara 1) uji normalitas, jeung 2) uji homogénitas. Leuwih jéntréna dipedar ieu di handap.

1) Uji Normalitas

Uji normalitas tujuanana pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa mibanda distribusi anu normal. Salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh rata-rata, nangtukeun yén data téh mibanda sipat anu normal atawa teu normal, bisa digunakeun rumus *chi kuadrat* (x^2).

Saméméh ngagunakeun rumus *chi kuadrat* (x^2), kudu dilakukeun heula léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

WULANDARI SAPUTRI, 2014

Téhnik Pangajaran Think-Talk-Write (Ttw) Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda Dina Nulis Laporan Lalampahan

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a) Nangtukeun peunteun panggedéna jeung pangleutikna.
 b) Ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus ieu dihandap:

$$r = \text{peunteun panggedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

- c) Nangtukeun jumlah kelas interval (k)

$$K = 1 + 3,3 \log n$$

- d) Nangtukeun panjang kelas interval (p)

$$P = \frac{r}{k}$$

- e) Ngitung rata-rata standar déviasi kalawan ngagunakeun tabél 3.4.

Tabél 3.4
 Distribusi Frékuénsi Peunteun *Pretest* jeung *Posttest*

Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i \cdot x_i$	$f_i \cdot x_i^2$
Jumlah					

- (1) Pikeun néangan rata-rata ngagunakeun rumus:

$$\bar{x} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum f_i}$$

Keterangan:

\bar{x} = rata-rata (*méan*)

\sum = jumlah (*sigma*)

f_i = jumlah data

x_i = nilai tengah

(Sudjana, 2005, kc. 67)

WULANDARI SAPUTRI, 2014

Téhnik Pangajaran Think-Talk-Write (Ttw) Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda Dina Nulis Laporan Lalampahan

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(2) Néangan standar déviasi ngagunakeun rumus:

$$SD = \sqrt{\frac{n \cdot \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

(Sudjana, 2005, kc. 95)

f) Ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi (perkiraan).

Tabél 3.5
Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi (Perkiraan)

Kelas Interval	O _i	B _k	Z _{itung}	Z _{tabel}	L	E _i	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$
X²							

(1) Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi (perkiraan).

(2) Nangtukeun O_i (frékuénsi obsérvasi)

(3) Nangtukeun batas kelas (b_k)

(4) Ngitung Z_{itung} (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{sd}$$

(5) Nangtukeun Z_{tabel}

(6) Ngitung legana unggal kelas interval (L)

$$L = Z_{\text{tabel luhur}} - Z_{\text{tabel handap}}$$

(7) Ngitung frékuénsi ékspéktasi (E_i)

$$E_i = n \times L$$

(8) Nangtukeun nilai X^2 (*chi kuadrat*)

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005, kc. 273)

g) Nangtukeun derajat kebebasan

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

h) Nangtukeun harga X^2_{tabel}

i) Nangtukeun normal henteuna distribusi data ngaliwatan kritéria ieu di handap.

$X^2_{\text{itung}} < X^2_{\text{tabel}}$ hartina distribusi data normal, tapi upamana

$X^2_{\text{itung}} > X^2_{\text{tabel}}$ hartina distribusi data teu normal

(Arikunto, 2010, kc. 363)

2) Uji Homogénitas

Tujuan dilakukeunana uji homogénitas nyaéta pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna variasi sampel tina populasi anu sarua. Pikeun nangtukeun homogén henteuna nyaéta ngagunakeun léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

a) Nangtukeun skor variabel x *pretest* jeung *posttest*.

$$\sum fx^2 =$$

$$\sum (fx)^2 =$$

b) Nangtukeun variansi kalawan ngagunakeun rumus.

$$S^2 = \frac{n \cdot \sum fx^2 - (\sum fx)^2}{n(n-1)}$$

c) Hasil tina variasi diasupkeun kana distribusi F kalawan ngagunakeun rumus:

$$F = \frac{S_1^2}{S_2^2}$$

d) Nangtukeun derajat kebebasan

$$db = n - 1$$

e) Nangtukeun F tabél

f) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria:

$F_{itung} < F_{tabel}$ hartina variansi sampel homogén, $S_1^2 = S_2^2$ tapiupama

$F_{itung} < F_{tabel}$ hartina variansi sampel teu homogén.

3.6.2.3 Uji Gain

Uji gain dilakukeun pikeun ngabandingkeun rata-rata skor peunteun tés awal jeung tés ahir. Dina uji gain aya opat léngkah diantarana:

1) Nangtukeun gain ngagunakeun tabél ieu di handap.

Tabel 3.6
Uji Gain *Pretest* jeung *Posttest*

No	Praté	Postést	D(gain)	d ²
1				
2				
Jst				
Σ				
Rata-rata				

3.6.2.4 Uji Hipotésis

Dina nguji hipotésis, léngkah-léngkahna nya éta ieu di handap.

1) Néangan béda *mean* dina tés awal jeung tés ahir kalawan ngagunakeun rumus:

WULANDARI SAPUTRI, 2014

Téhnik Pangajaran Think-Talk-Write (Ttw) Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda Dina Nulis Laporan Lalampahan

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$\overline{Md} = \frac{\sum d}{n}$$

2) Nangtukeun darajat kebebasan (db)

$$Db = n - 1$$

3) Néangan jumlah kuadrat déviiasi (t_{itung})

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

(Arikunto, 2010, kc. 125)

Katerangan :

- t = tés *signifikansi*
- Md = rata-rata (*mean*) tina béda antara hasil tés awal jeung tés ahir
- $\sum x^2 d$ = jumlah kuadrat déviiasi
- n = jumlah subjék dina sampel

4) Nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis

$t_{itung} > t_{tabel}$ hartina hipotésis ditarima, tapi upama

$t_{itung} < t_{tabel}$ hartina hipotésis teu ditarima.